Fikse kèk limit



Siman w gen zanmi ki pa menm sèks avè w e pa gen anyen mal nan sa. Sèl bagay, sa ka kreye pwoblèm si w poko pare pou w renmen e si, san w pa rann ou kont, ou bay lòt moun nan enpresyon ou enterese nan li. Ki jan w ka evite pou sa pa rive?

Sekrè a se fikse kèk limit. Pou w ka rive fè sa, analize istwa ki vin annapre yo, se istwa ki te pase toutbon epi reponn kesyon ki vin annapre yo.

ISTWA KI TE PASE TOUTBON

“Li te panse m te chanje lide”

Gen yon jèn gason ki rele Jason ki te gen yon bon zanmi fi. Li di: “Nou te antann nou pou pa gen okenn kesyon renmen antre nou.” Men, Jason te konn tèks jèn fi a anpil e li te toujou vle bò kote l. Men sa li rekonèt: “Se te yon erè. Li te panse mwen te chanje lide e se mache m t ap fè l mache.”

Menm lè Jason ak zanmi l lan te deja pale sou amitye yo a, sa k fè jèn fi a te panse Jason t ap file l?

_____

_____

_____

_____

Ki limit Jason te ka fikse pou yo te ka rete zanmi *san* li pa bay enpresyon li enterese nan li?

_____

_____

_____

_____

“Depi yon jèn fi kòmanse *‘Like’* tout foto m mete sou rezo sosyal, m panse li enterese nan mwen.”
— Steven.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

ISTWA KI TE PASE TOUTBON

“Li di mwen jwe ak santiman l”

Annette ak yon jèn gason te kòmanse pale youn ak lòt e Annette rekonèt yo te konn pase twòp tan ap pale. Annette di: “Mwen te panse li te yon bon zanmi. Nou te konn pase anpil tan ansanm, men mwen pa t enterese nan li kòm mennaj ditou. E m te panse li pa t enterese nan mwen nonplis. Apre yon ti tan, li te mande m si m vle renmen avè l. Lè m te di l se sèlman kòm yon zanmi mwen konsidere l, li te fache. Li di mwen jwe ak santiman l e mwen te byen konn sa m t ap fè a.”

Èske w panse jèn gason sa a te gen rezon panse Annette te gen santiman pou li? Poukisa w panse sa?

_____

_____

_____

_____

Ki limit Annette te ka fikse pou l evite sitiyasyon sa a rive?

_____

_____

_____

_____

“Gen yon pwovèb ki di: ‘Gen de bagay se kite pou w pa kite yo kòmanse.’ Se pa sèlman lè w ap flète ak yon moun ki ka fè l panse w enterese nan li. Pafwa, kite w kite yon moun file w ka bay enpresyon ou enterese nan moun nan.” — Karen.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

ISTWA KI TE PASE TOUTBON

“Nou te toujou ansanm”

Rachel te panse gen yon jèn gason ki te renmen l. Men sa l di: “Tout moun te ka wè nou te toujou ansanm. Yon lè, li te menm pase men l nan kou m pandan plizyè minit. Mwen te panse li te gen santiman pou mwen. Men, lè m te pale avè l konsènan relasyon nou, li te fè m konnen li te konsidere m kòm yon senp zanmi!”

Èske Rachel te gen rezon panse jèn gason sa a te konsidere l plis pase yon zanmi? Poukisa w panse sa?

Ki limit jèn gason an te ka fikse pou l pa t bay Rachel enpresyon li te konsidere l plis pase yon zanmi?

“Sa ka parèt enteresan lè yon moun ki pa menm sèks avè w montre l enterese nan ou, e ou ka kite sitiyasyon an egziste jis pou w ka toujou santi w byen. Men, lè n met enterè pa lòt moun anvan enterè pa nou, sa montre nou gen matirite e konsa, nou evite blese santiman lòt moun.”
— Brittany.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania